



**PWOSÈ VÈBAL  
REYINYON ADISTANS KOMITE LEKÒL BOSTON (BOSTON SCHOOL  
COMMITTEE)**

**11 Me 2022**

Komite Lekòl Boston te fè yon reyinyon adistans nan dat ki te 11 Me 2022 a a 5 p.m. sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, vizite [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee), voye imèl nan [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oswa rele Biwo komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

**PREZANS**

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Stephen Alkins (te ale touswit apre apèl nominal la); Brandon Cardet-Hernandez; Rafaela Polanco Garcia; ansanm ak Lòt Reprezantan Elèv yo, Tiffany Luo.

Manm Komite Lekòl ki Absan yo: Visprezidan Michael D. O'Neill; Lorena Lopera; Quoc Tran; ak Reprezantan Elèv yo, Xyra Mercer.

**DOKIMAN YO TE PREZANTE**

[AJANDA](#)

[Pwosè Vèbal Reyinyon an: 5 Me 2022](#)

**APÈL NOMINAL**

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman angajman. Madam Sullivan te fè apèl. Mesye O'Neill, Madam Lopera, Mesye Tran, ak Madam Mercer te absan. Tout lòt manm yo te prezan. Madam Robinson te akeyi Lòt Reprezantan Elèv yo, Tiffany Luo, ki te ranplase Xyra Mercer.

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epitou li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Nou pral poste l sou [bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://bostonpublicschools.org/schoolcommittee) ak sou Youtube. li te anonse sèvis entèpretasyon similtane an disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamyen, Kantonèz, Mandaren ak Lang siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo te prezante yo epi yo te bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou yon

**Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom**

**11 Me 2022**

moun jwenn sèvis entèpretasyon similtan pandan y ap chanje chanèl Zoom lan. Yo te pibliye dokiman reyinyon ki tradui yo nan [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) avan reyinyon an te kòmanse.

Prezidan Robinson te anonse Komite a pa t ap gen yon kowòm pou dire reyinyon an, pwiske plizyè manm gen pwoblèm sante oswa yo vin gen lòt pwoblèm pèsònèl ala dènye minit. Li te pwopoze konvoke yon odyans pou sèl rezon pou aksepte pwosè vèbal la, koute kòmantè piblik yo, ak pou ranvwaye reyinyon an.

## ELEMAN AKSYON

**Apwouve-** Pandan apèl nominal la, tout Komite a te apwouve ansanm yon mosyon pou konvoke yon odyans pou sèl rezon pou apwouve pwosè vèbal reyinyon Komite Lekòl ki te fèt nan dat 5 Me 2022 a, koute kòmantè piblik yo, ak pou repòte reyinyon an.

## KÒMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

Moun ki vini annapre yo te temwanyen an favè ekspansyon klas P.A a. Shaw Elementary School.

- Konseye Vil Boston, Ricardo Arroyo, rezidan Hyde Park
- Skyla Nichols, rezidan Mattapan e elèv Shaw Elementary School
- Crystal Jenkins, rezidan Mattapan e elèv Shaw Elementary School
- Andrew Robinson, rezidan Mattapan e elèv Shaw Elementary School
- Shakura Roberson, rezidan Mattapan e elèv Shaw Elementary School
- Emersyn Wise, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School
- Brenda Ramsey, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School
- Maitte Paulino, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School.
- Bridget Reyes, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School
- Felito Diaz, rezidan Dorchester resident e elèv Shaw Elementary School
- Keicha Gedeon, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School
- Brandon Michel, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School
- Armani Cruz Andujar, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School.
- Navon Anderson, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School
- Jahmai Sullivan, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School
- Janaye Merveille, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School
- Glason DeSouto Sanches, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School
- Claudia Fernandes, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School
- Michelle Dilesio, rezidan Brighton
- Elissa Jordan, rezidan Roslindale
- Matt Anderson, rezidan Somerville e manm Greater Boston Interfaith Organization
- Carla Johnson, rezidan Roxbury e pwofesè Shaw Elementary School
- Morgan Keohane, rezidan Brockton e pwofesè Shaw Elementary School
- Illene Carver, rezidan Dorchester e pwofesè Shaw Elementary School
- Sharnia Dottin, rezidan Cambridge e pwofesè Shaw Elementary School
- Sabine Ferdinand, rezidan Stoughton e pwofesè Shaw Elementary School

**Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom**

**11 Me 2022**

- Chantei Alves, rezidan Roslindale e pwofesè Shaw Elementary School
- Cecily Graham, rezidan Hyde Park e manm anplwaye Julia Mejia ki se Konseye Vil Boston, te li yon rezolisyon an favè Shaw School.

Moun ki vini annapre yo te temwanye an favè Pwopozisyon Negosiasyon Kolektif Sendika Pwofesè Boston yo:

- Jessica Tang, Prezidan Sendika Pwofesè Boston yo e rezidan Roxbury.
- Konny Cueto, rezidan South End e paran ki gen timoun nan Blackstone Elementary School
- Sugey Scannell, rezidan Roslindale e paran ki gen timoun nan Hurley K-8
- Maria Mejia, rezidan Roxbury e paran ki gen timoun nan Blackstone Elementary School
- Claude James, rezidan Roxbury e parapwofesyonèl Madison Park Technical Vocational High School
- Rosalinda Midence, rezidan Roslindale e pwofesè Boston Day and Evening Academy
- Cassandra Samuel, rezidan Dorchester e pwofesè Curley K-8
- Abdi Ali, rezidan East Boston e manm Kowalisyon Kominotè AntiRasis
- Gabriela Cartagena, rezidan East Boston ak òganizatè kominotè a, Vida Urbana
- Tanaya Hall-Queen, rezidan Weymouth e parapwofesyonèl Umana Academy

Moun ki vini annapre yo te temwanye konsènan pwochen lokal pèmanan Horace Mann School for the Deaf and Hard of Hearing lan:

- Muna Abanoor, rezidan Roxbury e elèv Horace Mann
- Gemanique Viall, rezidan Medway e pwofesè Horace Mann

Michael Heichman, rezidan Dorchester e manm Alyans Jistis Edikasyon Boston nan, te temwanye kont posiblie miz an sekès eta a.

Sharon Hinton, rezidan Hyde Park e avoka, te temwanye konsènan plizyè pwoblèm edikatif.

Edith Bazile, rezidan Hyde Park e avoka, te temwanye konsènan manm pwofesè yo.

## REPÒTE

**Apwouve** - A anviwon 7:29 p.m. Prezidan Robinson(sic) te anonse yo te repòte reyinyon an konfòmman ak premye vòt Komite a.

Ateste:



Elizabeth Sullivan  
Sekretè Egzekitif